



**PEMERINTAH KABUPATEN KULON PROGO
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA
KKG KAPANEWON SENTOLO**

Sekretariat: SD Negeri Lebeng, Giyoso, Salamrejo, Sentolo 55664

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER 1 SD/MI
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VI (Enam)
Hari/ Tanggal : Rabu, 22 September 2021
Waktu : 09.30 – 11.00

Nama :

No :

KD 3.1

Wacanen kanthi setiti !

Museum Sonobudoyo Yogyakarta

Museum Sonobudoyo dumunung ing sisih lor alun-alun Lor Istana Yogyakarta. Bangunan museum sing dirancang dening Ir.Th. Karsten arupa sawijining omah joglo sing diilhami dening arsitektur gaya bangunan Masjid Kasepuhan ing Cirebon. Pendiri Museum Sonobudoyo Prof. Dr. Huseun Djajadiningrat pikantuk restu saka Ng. D.S.D.I.S. Kanjeng Sultan Hamengku Buwana VIII. Peresmianne kasebut ditandai nganggo Candra Sengkala " Kayu Winayang ing Brahma Budha".

Dumugi samenika, Museum Sonobudoyo gadhah 42.698 koleksi ingkang diperang dados 10 kategori, inggih punika koleksi geologi, biologi, etnografi, arkeologi, sejarah, numismatika, filologi, keramik, seni rupa, lan teknologi. Objek koleksi Museum Sonobudoyo ditampilake ing njaba lan ing jero bangunan. Koleksi sing dipamerake ing njaba bangunan Museum umume digawe saka watu sing relative tahan panas. Dene wujud patung-patung saka jaman Hindu lan Budha, barang-barang perlengkapan upacara, lan babagan ornament candi.

Dene, objek sing dipamerake ing jero museum yaiku barang-barang sing peka marang efek cuaca, rereget, cahya, lan uga serangga. Objek kasebut umume dilebokake ing vitirin, kanggo nglindungi saka proses kerusakan. Objek sing ditampilke kayata: karya seni saka kayu lan pring, jenis bathik, barang-barang saka tembaga, emas, perak, lan wesi.

Saliyane dadi papan kanggo mamerake objek sejarah lan kuno, Museum Sonobudoyo uga dijangkepi auditorium, kantor, lan perpustakaan kanthi puluhan ewu judul buku, utamane publikasi Perang Dunia II ing pirang- pirang basa.

Pilihèn wangsulan kang bener kanthi menehi tandha ping (x) aksara a, b, c, utawa d ana ing lembar jawab kang cumawis!

1. Sapa sing duwe karep mbangun Museum Sonobudoyo?
Ingkang kagungan kersa mbangun Museum Sonobudoyo
 - a. Ir.Th.Karsten
 - b. Prof. Dr. Huseun Djajadiningrat
 - c. Kanjeng Sultan Hamengku Buwana VIII
 - d. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
2. Apa kang dikoleksi ana ing Museum Sonobudoyo?
Ingkang dipun koleksi wonten Museum Sonobudoyo
 - a. karya seni saka kayu lan pring
 - b. barang-barang saka emas lan tembaga
 - c. barang-barang kagungan Kanjeng Sultan
 - d. barang-barang geologi, biologi, etnografi, arkeologi, sejarah, numismatika, filologi, keramik, seni rupa, lan teknologi

3. Kepingane anggon nata barang-barang koleksi sing peka marang efek cuaca lan rereget?
Anggenipun nata barang-barang koleksi ingkang peka kengeng cuaca
 - a. ditutup kain
 - b. dilap saben dina
 - c. disimpen dilebokake lemari
 - d. umume dilebokake ing vitirin
4. Arupa sawijining omah joglo sing diilhami dening arsitektur gaya bangunan Masjid Kasepuhan ing Cirebon.
Pitakon kang mathuk kanggo jawaban kuwi yaiku
 - a. Kepingane rancangan bangunan Museum Sonobudoyo?
 - b. Apa wujud Museum Sonobudoyo wektu dibangun?
 - c. Apa sing dirancang dening Ir.Th. Karsten wektu iku?
 - d. Yagene pembangunan Museum Sonobudoyo disetujoni?
5. Museum Sonobudoyo **dumunung** ing sisih lor alun-alun Lor Istana Yogyakarta.
dumunung tegese
 - a. asline
 - b. penere
 - c. madege
 - d. papane
6. Museum Sonobudoyo uga ngoleksi barang-barang **geologi** .
geologi tegese
 - a. barang- barang sing gegayutan sejarah
 - b. barang-barang sing gegayutan karo bumi
 - c. barang- barang sing gegayutan penduduk
 - d. barang-barang sing gegayutan karo kewan-kewan
7. Museum Ullen Sentalu kalebu ing **wewengkon** Hargobinangun, Pakem, Kabupaten Sleman, Yogyakarta.
Tembung wewengkon tegese
 - a. papan
 - b. wilayah
 - c. panggonan
 - d. padunungan
8. Jeneng museum sing ora kalebu ing tlatah Yogyakarta, yaiku ...
 - a. Museum Merapi
 - b. Museum Affandi
 - c. Museum Ranga Warsita
 - d. Museum Benteng Vredenburg

KD 3.2

9. Tembang Mijil, Kinanthi, Pocung, Dhandhang Gula, lan Pangkur kalebu tembang
 - a. Gedhe
 - b. Tengahan
 - c. Panglipur
 - d. Macapat

10. Tibaning swara/ dhong-dhinging swara saben pungkasane gatra ana ing tembang jawa diarani
- a. guru lagu
 - b. guru gatra
 - c. guru swara
 - d. guru wilangan
11. Ana ing tembang jawa kang diarani guru gatra yaiku
- a. cacahing wanda saben sagatra
 - b. cacahing larikan saben sapada
 - c. cacahing wanda saben sapada
 - d. tibaning swara saben pungkasaning larikan
12. Watak tembang Mijil yaiku
- a. asih
 - b. grapyak
 - c. laku prihatin
 - d. ngresepake

Wacan kanggo soal nomor 13-14

Mijil

Dedalane guna lawan sekti,
Kudu andhap asor,
Wani ngalah dhuwur wekasane,
Tumungkula yen dipun dukani
Bapang den simpangi,
Ana catur mungkur.

13. Guru wilangan lan guru lagu tembang Mijil, yaiku
- a. 10i-6o-10e-10i-6e-6o
 - b. 10e-6a-10e-10i-5i-6u
 - c. 10i-6o-10e-10i-6i-6u
 - d. 10i-6o-10e-10i-6i-6i
14. Tumungkula yen dipun dukani. Tembung "tumungkula" ngemu teges
- a. ndhungkluka
 - b. ngurmatana
 - c. ngajenana
 - d. menenga
15. Tembung "andhap asor" nduweni teges
- a. sumeh
 - b. tetakonan
 - c. ora umuk
 - d. grapyak sumanak

16. Parikan iku ana sing rong gatra, ana sing patang gatra. Parikan rong gatra, gatra kapisan minangka
- isi
 - tujuan
 - sampiran
 - nggenepi
17. Parikan patang larik, isine ana ing larik kaping ...lan
- 1 lan 3
 - 2 lan 3
 - 1 lan 4
 - 3 lan 4
18. Ukara iki ganepana, supaya dadi parikan kang runtut!
Nyidhuk banyu seka njero kolah
Yen pengen ilmu padha
- sinau
 - sekolah
 - bungah
 - ngibadah

Geguritan kanggo soal nomor 19-20

Lintang Panjer Rahina
Nalika bumi isih sepi
Lintang panjer rahina wis tangi
Menehi pepadhang sagung dumadi
Kang wiwit gumregah ngupaya rejeki
Para among tani wis ndalidir mecaki galengan
Mbok bakul sinambiwara wus sengkut makarya
Para ngulama tumungkul puja
Jago kluruk sesautan
Melu tasbeh marang Pangeran
Ndonya wis gagat rahina
Maringi kalodhangan janma ngupadi pangupajiwa

19. Isi geguritan kasebut yaiku
- para bakul padha menyang pasar
 - jago padha kluruk pratandha wis bangun esuk
 - wong-wong tani padha nyambut gawe ana sawah
 - wektu esuk srengenge wiwit sumunar lan wong-wong wiwit padha nyambut gawe
20. Tembung “ngupadi pangupajiwa “ ngemu teges
- nyambut gawe
 - usaha golek rejeki
 - nyukupi kebutuhan
 - nindakake kewajiban